



Tranzisyon nan Jadendanfan

ANN PREPARE NOU!

Pou Fanmi yo



Chè Paran,

Felisitasyon! Pitit ou a pral kòmanse jadendanfan trè byento. Se yon moman ki trè enpòtan pou ou ak jèn elèv ou a. "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) vle asire pitit ou a antre nan jadendanfan prepare e kontan pou li aprann! Nou devlope yon **"Transition to Kindergarten Family Summer Tool Kit" (Pake Enfòmasyon Ete pou Fanmi Timoun ki ap Fè Tranzisyon nan Jadendanfan)** pou sipòte fanmi pandan yo ap travay ak elèv yo a ki prale nan jadendanfan e ranfòse ladrès aprantisaj bonè lakay yo pandan ete a. Pase yon ekselan ete e bon aprantisaj!



Pake Enfòmasyon Ete pou Fanmi Timoun ki ap Fè Tranzisyon nan Jadenfanfan



Elèv Klas Matènèl M-DCPS gen aksè nan pwogram

'Waterford' sou Entènèt pandan tout ete a!

*Kontakte pwofesè Klas Matènèl pitit ou a pou detay
Oubyen telefone nan 305.995.7632



Sipòte aprantisaj pou prepare pitit ou a pou jadendanfan nan gade videyo
'ReadyRosie' Moman Modèl Videyo yo e patisipe avèk pitit ou nan aktivite
amizan e ki apwopriye ak devlopman li.



I. Physical Development



II. Approaches to Learning



III. Social and Emotional
Development



IV. Language and Literacy



V. Mathematical Thinking



VI. Scientific Inquiry



VII. Social Studies



VIII. Creative Expression
Through the Arts

Estanda Aprantisaj Ak Devlopman Timoun Bonè pou Fanmi Florid

Estanda Aprantisaj ak Devlopman Timoun Bonè pou Fanmi Florid ap ede w sipòte aprantisaj ak devlopman pitit ou pandan yo ap prepare pou jadendanfan. La a w ap aprann sou sa pitit ou te aprann nan Klas Matènèl e kisa ou ka fè nan kay la pou asire li prepare pou jadendanfan.

MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS

EVERYWHERE LEARNING

Èske ou konnen pale, li, chante avèk pitit ou ranfòse rapò kontak ou ak li epi ede sèvo li devlope anmenmtan ak yon seri bagay enpòtan tankou lang, matematik, lekti, ak yon seri ladrès sosyo-emosyonèl?

Nou ankouraje w pale ak pitit ou chak jou sou tout sa ou fè oubyen ou wè- kèlkeswa lang ou santi ou pi konfòtab pou pale nan kay la. Plis ou pale, chante, plis ou pataje istwa pandan nou ansanm, se plis w ap prepare pitit ou pou l reyisi!

#EVERYWHERELEARNING TIP SHEET



Pale Avèk Pitit ou...

- Make e dekri eksperyans yo pandan yo ap pase.
- Poze kesyon pou li endetèmine ki mande plis pase yon repons "wi", oubyen "non" oubyen repons yon mo.
- Poze kesyon "kòman" ak "poukisa".
- Itilize nouvo mo ak pitit ou e ankouraje yo pou itilize nouvo mo.
- Repete e kontinye sa pitit ou di a.
- Amize w avèk lang e ankouraje kiryozi yo.



Nan kay la...

- Ba yo opòtinite pou yo fè eksperyans chak jou nan kay la "eksperyans aprantisaj". Mete materyèl pou ekri aksesib e ankouraje yo pou yo itilize yo. Pèmèt pou pitit ou a ekri "nan fason pa li" (fè majigradi, desine, fòm lèt, envante òtograf, òtograf konvansyonèl).
 - Mande pitit ou pou li ede w ekri lis acha atik kay la chak jou.
 - Ankouraje pitit ou pou li ekri lèt pou fanmi ak zanmi yo.
 - Ba li opòtinite pou li mete etikèt sou objè nan kay la.
 - Pèmèt pitit ou a desine regilyèman fason li santi li e diskite desen li fè yo.
- Fè pitit ou a fè "laches lèt" nan itilize bwat ak mamit li jwenn nan gadmanje a.
- Pandan w ap gade lèt lapòs yo, ankouraje pitit a li lèt enprime nan anviwònman an ki famiyè tankou senbòl manje li pi renmen ak piblisite magazen nan jounal chak semèn yo.
- Mande pitit ou a pou l fè konparezon (pi piti, pi kout, pi lou, menm ak, eks.) avèk mamit, boutèy, fwi, vejetab, ki nan kuizin nan.
- Kite piti ou a klase lesiv la pa koulè; pou ki moun yo ye; ki kalite rad.
- Angaje pitit ou pou l patisipe nan eksperyans kuizine, netwaye, ak travay nan lakou.



Nan machin nan ...

- Kenbe yon bwat pou aktivite avèk liv, materyèl pou l desine, gwo kare kib, jwèt kat, jwèt pasyans ak nenpòt lòt materyèl ki enterese pitit ou a.
- Ankouraje pitit ou a pou l kenbe yon journal pou desine sa l wè pandan nou ap kondui. Mete yon non sou chak foto yo yon fwa ou rive nan andwa a.
- Kite timoun nan fè eksperyans liv istwa ki gen chan ak odyo pandan nou ap kondui.
- Anvan yon long vwayaj, fè rechèch e li ak pitit ou sou destinasyon an pou ede pitit ou pran enterè nan vwayaj la. Aksantye pwèn ki enterese l pandan nou sou wout la ansanm.
- Jwe Jwèt Fanmi tankou "I Spy" (Mwen se yon espion), chèche animal, lèt ak chif; konte koulè machin yo, mache fòm siy yo, e amize nou avèk lang nan fabrike rim ki san sans. Lè pitit ou ap pèdi atansyon kòmanse yon lòt jwèt oubyen pran yon poz.
- Planifye pou estòpe souvan pou detire e koube kò nou pou satisfè misk kò yo. Toujou sonje pake jwèt atik pou konfò tankou zorye oubyen nounous li pi renmen!



Fè Lekti Avèk Pitit ou Chak Jou...

Deziye yon "lè pou lekti" pou tout fanmi an oubyen yon lè pou "oumenm ak pitit ou" chita pou nou fè lekti. Pandan ou ap li :

- Kite pitit ou a kenbe liv la pou l ap vire paj yo.
- Angaje li nan foto yo pandan nou ap mache e pale nan ankouraje pitit ou a pou l li foto yo e pale sou sa li wè.
- Pwomote konnen mo nan deplase dwèt ou pandan w ap avanse anba mo yo.
- Pwente e pale sou foto ki ale ak mo yo.
- Poze pandan ou ap li, e mande pitit ou a kisa li panse ki ap rive apre.
- Ankouraje pitit ou a poze kesyon sou sa li ap li a tankou kesyon "poukisa".
- Entwodui e pale sou yon mo ki nouvo pou pitit ou a.
- Nan fen istwa a, pale sou pati pitit ou a pi renmen an e pale pousika yo renmen oubyen pa renmen istwa a.
- Mande pitit ou a pou l rakonte w yon istwa pou w ekri. Li istwa bay pitit ou a.
- Fè yon liv avèk papyè pitit ou a ekri yo. Fè pitit ou a desine foto ki pou ale ak yo oubyen magigridi.
- Li e pale sou chif yo pandan nou ap konte liv yo, pwente e konte objè ki nan chak paj.
- Pataje istwa sou lavi pitit ou a lè li te bebe ak timoun, ansanm ak istwa lè w te timoun. Pataje albòm foto lè pitit ou a te piti, e diskite kòman li change kounye a.
- Chwazi liv ki enterese pitit ou a.
- Chwazi liv reyèl e sa ki pa reyèl e diskite diferans yo.
- Chwazi liv ki gen chan pou timoun e pwente mo ki rime ak chan yo. Pandan w pa li liv rime yo, poze anvan rim nan e gade si pitit ou a ka di rim nan.
- Diskite pati istwa yo - kòmansman, mitan ak fen.
- Idantifye lèt ak mo ki fanmiye yo.
- Fè pitit ou a li liv li pi renmen an e itilize foto yo l konprann istwa a.
- Dekri santiman karaktè yo nan istwa a.
- Chwazi liv menm otè a. Ede pitit ou a konpare liv yo.
- Diskite konklizyon an, e kreye yon nouvo finisman pou li. Kisa ki te ka rive si.....?
- Li menm liv la plizyè fwa ankò e ankò.
- Montre ou **kontan** lè w pral fè lekti avèk pitit ou a. **Li kontajye!**



Desine e Ekri Avèk Pitit ou...

Pèmèt pitit ou a ekri nan "nan pwòp fason li" (fè magigridi, desine, kreye fòm lèt, envante otograf, otograf konvansyonèl).

- Deziyen yon andwa konsistan pou mete materyèl pou li fè desen ak ekri.
- Ankouraje pitit ou a ekri "nan pwòp fason li" sou eksperyans li fè pou ete a.
- Mande pitit ou a pou l li sa li ekri a pou ou.

- Pale sou fòmasyon lèt yo (Lèt nan telefòn liy anwo rive anba/liy degoch adwat) yo pandan ou ap trase modèl fè lèt la.
- Fè pitit ou a pratike ekri non ak prenon li avèk sèlman premye lèt la an majiskil.
- Pèmèt pitit ou a ekri yon lis acha, yon lèt pou granma, yon tèks pou papa l, trase yon jwèt marèl deyò a, ekri etikèt pou tiwa li yo, eks.
- Pratike egzanp ekri pou pitit ou a.

Selebre sa pitit ou a ekri! Etale sa li ekri alantou kay la 😊

Plis Egzanp...

- Pratike pou l suiv **enstriksyon** 2-3 etap "Silvouplè al pran soulye w epi mete yo nan pye w".
- Pale e bay egzanp **ladrès sosyal**: pataje, tann tou w, mo pozitif, rezoud pwoblèm sosyal.
- Ede pitit ou a pran **responsablite**: mete lòd nan sa ki an dezòd, abiye tèt yo, ale pran ti goute yo pou kont yo.

SA KI PI ENPÒTAN: Devlope **amou pwòp**: Felisite pitit ou a souvan fè li santi li espesyal.

Fè Lekti! Fè Lekti! Fè Lekti!

- Antre <http://read.dadeschools.net>.
- Vizite <http://www.mdpls.org>
- Aplike pou yon kat bibliyotèk.
- Prete liv, liv odyo, mizik, videyo, ak plis.
- Patisipe nan evènman ete ki fè sans.
- Patisipe nan Moman Istwa ak Pale se Aprann: Pale, Li, e estrateji pou Chante.

Lis Lekti Ete pou Jadendanfan ...

Rechèch montre premye endikatè pou siksè nan lekti alavni se si nou te konn li pou timoun nan lè l te piti. Anba a se kèk tit pou w kòmanse!

Liv ki ap suiv yo se sijesyon liv ki apwopriye pou w li avèk pitit ou a ki Pral nan Jadendanfan ([Office of Early Learning Booklist](#)).

Silvouplè ale nan seksyon timoun nan bibliyotèk lokal ou a pou lòt sijesyon.

Liv Devlopman Fizik

- Babar's Yoga for Elephants by Laurent de Brunhoff
- Eating the Alphabet by Lois Ehlert
- From Head to Toe by Eric Carle
- Germs Are Not for Sharing by Elizabeth Verdick and Marieka Heinlen
- Gregory, the Terrible Eater by Mitchell Sharmat
- Growing Vegetable Soup by Lois Ehlert
- I Will Never Not Ever Eat a Tomato by Lauren Child
- Just Going to the Dentist by Mercer Mayer
- My Very First Book of Food by Eric Carle
- My Very First Book of Motion by Eric Carle
- The Busy Body Book: A Kid's Guide to Fitness by Lizzy Rockwell
- The Very Hungry Caterpillar by Eric Carle
- We're Going on a Bear Hunt by Helen Oxenbury

Apwòch pou Aprann Liv

- Beautiful Oops by Barney Saltzberg
- Big Al by Andrew Clements
- Full, Full, Full of Love by Trish Cooke
- Little Blue Trucks by Alice Schertle
- Owl Babies by Martin Waddell
- The Kissing Hand by Audrey Penn
- The Little Engine that Could by Watty Piper
- The Very Clumsy Click Beetle by Eric Carle

- What Do You Do With a Problem? by Kobi Yamada
- You Can Do It, Sam by Amy Hest
- I'm Not Ready! by Jonathan Allen

Liv Developman Sosyal ak Emosyonèl

- Alexander and the Terrible, Horrible, No Good, Very Bad Day by Judith Viorst
- Are You My Mother? by P.D. Eastman
- A Weekend with Wendell by Kevin Henkes
- Bear Feels Sick by Karma Wilson and Jane Chapman
- Chester's Way by Kevin Henkes
- Friends by Eric Carle
- Hands Are Not for Hitting by Martine Agassi
- I'm a Good Friend by David Parker
- Kevin and His Dad by Irene Smalls and Michael Hays
- Making Friends by Fred Rogers
- On Monday When It Rained by Cherryl Kachenmeister
- Mouse Was Mad by Linda Urban
- The Grouchy Ladybug by Eric Carle
- Today I Feel Silly and Other Moods that Make My Day By Jamie Lee Curtis
- When I Am/Cuando estoy by Gladys Rosa Mendoza
- The Lion and the Mouse By Jerry Pinkney
- Noah the Narwhal: A Tale of Downs and Ups By Judith Klausner
- My Many Colored Days by Dr. Seuss
- The Rainbow Fish by Marcus Pfister

Liv Lang ak Alfabetizasyon

- *Alphabet City* by Stephen T. Johnson
- Beatrice Doesn't Want To by Laura Numeroff
- Bear Snores On by Karma Wilson
- Chicka Chicka Boom Boom by Bill Martin Jr.
- City Lullaby by Marilyn Singer
- Giraffes Can't Dance by Giles Andreae
- How Rocket Learned to Read by Tad Hills
- Is Your Mama a Llama? by Deborah Guarino
- Listen to the Rain By Bill Martin Jr.
- My Florida Alphabet by Annie P. Johnson
- Quinito, Day and Night Quinito, dia y noche (Spanish version) by Ina Cumpiano
- Wish by Emma Dodd

Liv Panse Matematik

- *10 Black Dots* by Donald Crews
- Baby Goes to Market by Atinuke
- Chicka, Chicka 1, 2, 3 by Bill Martin, Jr. and Michael Sampson
- Cubes, Cones, Cylinders & Spheres by Tana Hoban
- Fish Eyes by Lois Ehlert
- Mouse Count by Ellen Stoll Walsh
- My First Book of Patterns by Bobby & June George, Boyoun Kim
- National Geographic Kids Look and Learn: Patterns by National Geographic Kids
- Rooster's Off to See the World by Eric Carle

- Rosie's Walk by Pat Hutchins
- Shapes, Shapes, Shapes by Tana Hoban
- Teddy Bear Patterns by Barbara Barbieri McGrath
- Ten Red Apples by Pat Hutchins
- The Doorbell Rang by Pat Hutchins
- Caps for Sale by Esphyr Slobodkina
- Christmas Eve Blizzard by Andrea Vlahakis and Emanuel Schongut
- At the Edge of the Woods: A Counting Book by Cynthia Cotton
- Colors Everywhere by Tana Hoban
- Every Buddy Counts by Stuart J. Murphy
- Feast for 10 by Cathryn Falwell
- How Big Is A Foot? by Rolf Myller
- How Many Snails: A Counting Book by Paul Giganti
- In My Backyard by Valarie Giogas
- Inch By Inch by Leo Lionni
- Is It Larger? Is It Smaller? by Tana Hoban
- Loon Chase by Jean Heilprin Diehl
- Math Fables by Greg Tang
- Numbers All Around by Betsey Chesson and Susan Canizares
- Over in the Meadow by Ezra Jack Keats
- Over, Under, Through by Tana Hoban
- Regards to the Man In the Moon by Ezra Jack Keates
- Round is a Mooncake by Roseanne Thong
- Sea Shapes by Suse MacDonald
- So Many Circles, So Many Squares by Tana Hoban
- Ten Little Fish by Audrey and Bruce Wood
- Ten Little Rabbits by Virginia Grossman and Sylvia Long
- The Napping House by Don Wood
- The Relatives Came by Cynthia Rylant
- The Right Number of Elephants by Jeff Shepard
- The Three Bears by Paul Galdone
- The Three Billy Goats Gruff by Paul Galdone
- What Comes in 2's, 3's and 4's? by Suzanne Aker

Liv Rechèch Syantifik

- All About Matter by Mari Schuh
- A Look at Magnets by Barbara Alpert
- Animals Should Definitely not Wear Clothing by Judy and Ronald Barrett
- Dig, Wait, Listen by April Pulley Sayre
- Apples by Gail Gibbons
- Floating and Sinking by Karen Bryant-Mole
- Guess Whose Shadow? by Stephen R. Swinburne
- Hot and Cold by Sian Smith
- I Love Bugs by Philemon Sturges
- My Five Senses by Alike
- Raccoon on His Own by Jim Arnosky
- Up, Down and Around by Katherine Ayres
- A Day In the Salt Marsh by Kevin Kurtz
- Feathers for Lunch by Lois Ehlert
- What Do You Do With a Tail Like This? by Steve Jenkins and Robin Page

- Who Lives in the Trees? by Trish Holland
- Growing Trees by Judith Bauer Stamper
- The Adventures of Gary and Harry by Lisa Matsumoto
- A Tree is for... by Judith Bauer Stamper
- Trees, Trees, Trees by Nancy Noel Williams
- Dinosaur Woods by George McClements
- Tudley Didn't Know by John Himmelman

Liv Syans Sosyal

- *Building a House* by Byron Barton
- Follow That Map! A First Book of Mapping Skills by Scot Ritchie
- Good Night Summer by Mark Jasper
- Good Night Beach by Mark Jasper
- Good Night Florida by Adam Gamble, Mark Jasper and Joe Veno
- Houses and Homes by Ann Morris
- My Mom Loves Me More Than Sushi by Filomena Gomes
- Peter's Chair by Ezra Jack Keats
- Police Officers on Patrol by Kerstin Hamilton and R.W. Alley
- School Bus by Donald Crews
- The Colors of Us by Karen Katz
- The Family Book by Todd Parr
- The Wheels on the Bus by Paul O. Zelinsky
- What I Like About Me! by Allia Zobel Nolan
- Who's in My Family? by Robie H. Harris
- Why Should I Listen? by Claire Llewellyn
- Windows By Julia Denos
- Don't Lose it-Reuse it! by Nancy Noel Williams
- Sam Helps Recycle by Judith Bauer Stamper
- Too Many Tamales/ ¡Que montón de Tamales! (Spanish version) by Gary Soto; Ed Martínez
- Me on the Map by Joan Sweeney

Ekspreyon Kreyatif Atravè Liv Atizay Yo

- *Bea at Ballet* by Rachel Isadora
- Ben's Trumpet by Rachel Isadora
- David's Drawings by Cathryn Falwell
- Dreaming Up: A Celebration of Building by Christy Hale
- How a House is Built by Gail Gibbons
- Artist Who Painted a Blue Horse by Eric Carle
- Zin! Zin! Zin! A Violin by Lloyd Moss

Kalandriye Patisipasyon Fanmi ...

Kalandriye sa a fèt pou ofri fanmi ak pitit yo aktivite amizan e enteresan chak jou pou yo pratike ladrès ki nesesè pou yo prepare pou jadendanfan.

- Asire Kalandriye Patisipasyon Fanmi an poste yon kote ki vizib.
- Ede pitit ou a famiyarize l avèk woutin yo nan fè aktivite ki sou kalandriye yo nan menm lè a chak jou.

Itilize kalandriye a kòm yon zouti aprantisaj: lonje dwèt sou lèt yo, chif yo, ak sekans kalandriye a.



1ye Semèn						
Soti deyò epi gade nyaj yo. Dekri ak bèl mo pou di sa ou wè. Itilize menm mo sa yo pandan tout semèn nan lè w al deyò a.	Angaje yon konvèsasyon ak pitit ou sou kijan li santi li apre Klas matènèl la. Li ak li liv sou Jadendanfan.	Vizite bibliyotèk Miami-Dade County a ak pitit ou sou sit http://www.mdpls.org	Diskite ak pitit ou fèt papa k ap vini. Di li enpòtans fèt papa ak bagay espesyal nou ka fè pou Papa li.	Fè yon lis tout bagay ki montre papa se yon moun espesyal. Fè foto papa l. Pale de diferan pati nan kò a epi ede pitit ou a kolore cheve, zye, elatriye.	Esplike ki sa ou renmen. Diskite ak papa a ki jwèt li pi renmen. Fè desen papa a k ap jwe jwèt li pi renmen an.	Fè yon ti kolasyon pou papa l. Gade nan albòm foto fanmi an epi mete aksan sou aktivite espesyal ak fanmi an.
2èm Semèn						
Kite pitit ou a konte konbyen pè chosèt ki nan panyè lesiv la pandan w ap fè londri. Kite l mete pè chosèt yo ansanm epi konte chak pè yo.	Li yon liv sou plant tankou: 'The Tiny Seed', Eric Carle ekri. Plante semans pou flè ak legim leve.	Fè pitit ou a kreye yon ti istwa sou bon zanmi li yo Ekri l epi li ti istwa a ansanm ak li. Planifye yon jou pou li jwe ak ti zanmi li yo.	Gade foto ki nan yon liv epi fè prediksyon sou sa ki pral rive apre. Li istwa a ansanm ak li.	Pale sou koze travay, di ki bò w ap travay ak lòt kalite travay, epi kijan travay ou ede fanmi an. Ki kalite travay pitit ou a ka fè?	Lè l ap benyen, ba li yon mezirèt. Ki kantite mezirèt pou ganyen pou ranpli yon gode? Pale de lè li plis ak lè li mwens.	Koute yon nouvo estasyon radyo jodi a. Diskite ak pitit ou kijan mizik la diferan. Chwazi kèk ansyen jwèt pou fè charite.
3èm Semèn						
Diskite enpòtans pou mete pwoteksyon lè y ap monte bisiklèt. (mete kas, pad, obsève regleman trafik). Al fè yo ti pwomnad a bisiklèt nan katye a.	Mete règ pou disiplin nan fanmi an, epi diskite enpòtans règ yo. Fè yon tablo ak mo ak imaj pou ede yo sonje règ sa yo.	Pran materyèl resiklaj tankou bwat vid nan kuizin nan. Monte yon ti group mizikal k ap jwe enstriman k ap monte desann nan kay la.	Konpare bagay ki wo ak bagay ki kout. Pran yon fil, mezire wotè manm fanmi lan. Ranje pyès yo depi pi kout rive pi wo.	Prepare rad de sòti pou pitit ou jwe ak yo epi kreye yon kote espesyal pou li abiye.	Obsève semans ou te plante semèn pase yo. Diskite epi ilistre obsèvasyon yo nan yon ti jounal pou syans.	Mete mizik, danse ak pitit ou. Chache yon echap osnon yon moso twal pou danse ak li.
4èm Semèn						
Fè yon ti pwomnad nan katye a. Konte konbyen zetwal ak bann twal ki nan drapo ameriken an. Desinen epi kolore yon desen drapo a. Resite angajman fidelite a.	Konte konbyen zetwal ak bann twal ki nan drapo ameriken an. Desinen epi kolore yon desen drapo a. Resite angajman fidelite a.	Li yon liv sou 4 Jiyè. Ale sou entènèt chache enfòmasyon sou 4 Jiyè. Ede pitit ou esplike poukisa 4 jiyè enpòtan.	Ede pitit ou chwazi koulè wouj, blan ak ble pou li mete jou sa a. Ale nan piknik pou selebre jou sa a.	Fè pitit ou ede w prepare yon bòl salad, mete manba sou yon sandwich, osnon lave fwi yo.	Pale sou sa ou te fè pou 4 Jiyè. Fè pitit ou a desinen yon imaj epi dekri sa li ye.	Gade ti grenn ou te plante yo. Desinen yon imaj nan jounal syans lan. Mezire ki wotè plant lan grandi. Diskite chanjman anvan ak kounye a.



5èm Semèn						
Planifye yon ti pwomnad an vwati nan vil la. Sou wout la ede pitit ou konpile tout machin ki gen koulè wouj k ap pase epi konte konbyen li jwenn.	Fè rechèch sou yon ti resèt sou kijan pou jwe ak patamodle. Fè yon lis engredyan pou achte nan makèt.	Aprann pitit ou pratike ekri non li ak lèt kapital epi ak lèt miniskil. Diskite fòmasyon lèt yo (liy, sèk, koube)	Fè patamodle ansanm. Diskite kijan chanjman k ap fèt pandan w ap melanje engredyan yo. Ekri sou sa nan jounal syans lan.	Ale deyò a, ramase ti wòch. Obsève diferan fòm yo (mou, di, gonfle, kolore) Separe wòch yo dapre fòm yo.	Ak rad granmoun sou li, kite pitit ou abiye tankou yon pwofesè, k ap jwe wòl kèk nan eksperyans pitit ou pral ganyen nan Jadendanfan an.	Chache 5 bagay nan kay la ki gen fòm won kon sèk, kare. Triyang ak rektang. Pale sou lòt fòm ou wè.
6èm Semèn						
Jwe yon jwèt byen senp sou planch ou byen jwèt kat tankou "Chutes ak Ladder" oubyen "Go Fish". Diskite règ yo, epi suiv direksyon yo.	Brase lide sou kijan pou konsève dlo. Kibò fanmi ou ka ede? Fè pitit ou konpliman chak fwa ou obsève li ap konsève dlo.	Gade ti plant ki te leve a. Fè foto li. Mezire pou wè kijan li grandi. Konpare epi diskite chanjman an, jan li te ye ak jan li vin ye kounye a.	Ale deyò a epi chache bagay ki tou pre oubyen ki lwen. Ki lòt bagay ki pre osnon ki lwen?	Li yon liv pwezi ansanm. Pandan w ap li a, kanpe epi kite pitit ou a devine mo ki pral rime a. Fè rim komik pou nou detann nou.	Itilize yon règ oubyen yon mèt oubyen nenpòt ki fason pou mezire bagay nan kay la. Kisa ki pi long. Kisa ki pi kout? Kisa ki gen menm longè? Diskite rezilta ou jwenn yo.	Diskite enpòtans mete pwoteksyon kont solèy (itilize krèm solèy, mete chapo). Soti deyò a, fè bòbòl ak dlo savon.
7èm Semèn						
Diskite ak pitit ou ki pral kòmanse Jadendanfan kijan li santi l. Poze kesyon ki rale lòt kesyon pou fè konvèsasyon mache.	Vizite sit wèb lekòl la pou materyèl eskolè w ap bezwen pou Jadendanfan an. Kite pitit ou ede w achte materyèl yo nan magazen oubyen an liy.	Pratike fè pas ale vini ak yon balon. Konte konbyen fwa ou ka voye l epi atrap li san li pa tonbe.	Mande pitit ou pou li konte konbyen soulye ki nan klozèt la. Pale ak li de soulye ki sanble ak soulye ki diferan.	Fè desen foto pitit ou. Di li kisa ki fè li espesyal ekspoze foto a nan kay la.	Prepare yon ti fèt "retounen lekòl" ak fanmi ak zanmi fanmi lan. Fè yon lis moun pou envite epi òganize aktivite pou envite yo.	Ale nan bibliyotèk, chache liv ki pale sou Jadendanfan ak ale lekòl. Vizite sit wèb lekòl la pou enfòmasyon.
8èm Semèn						
Fè yon pat a modle. Adisyone materyèl pou amelyore eskilti a. Poze kesyon devan-dèyè sou eskilti a.	Pale ak pitit ou sou lekòl ki pral kòmanse. Etabli yon lè pou l al dòmi ak yon lè pou li leve pou l kòmanse pratike li.	Fè pitit ou rakonte w yon lòt fwa ankò istwa nan youn nan liv elektwonik li te pran nan bibliyotèk la. Desinen imaj li pi renmen yo.	Nan pisin osnon nan basen dlo pitit ou ap benyen an mete yon seri bagay k ap flote osnon ki plonje. Espike li poukirezon gen k ap flote, gen ki plonje.	Fè yon paviyon "Premye Jou nan Jadendanfan Mande pitit ou pou li mete koulè epi dekore li.	Repase règ disiplin kay la, mande pitit ou sa li panse de règ disiplin Jadendanfan an ap ye?	Fè yon albòm foto fanmi lan pou pitit ou. Pale sou chak moun ak ki kote y ap viv.



MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS
EARLY CHILDHOOD PROGRAMS

where learning begins...



Koneksyon Paran ak Lekòl se yon eleman enpòtan pou siksè pitit ou. Pale ak pitit ou chak jou sou kijan li santi li nan lekòl la ak jounen lekòl la. Kontinye poze l kesyon sou kouman ak poukisa. Nou prepare aktivite nan **semèn 9 ak 10** yo pou lè li derape nan Jadendanfan an.

9èm Semèn						
Mande pitit ou chwazi yon rad/brezo/kokad ak soulye espesyal pou li mete premye jou Jadendanfan an. Li liv 'The Kissing Hand' Andrey Penn ekri. Di li sa pou li atann premye jou lekòl la.	Itilize paviyon "Premye Jou Jadendanfan" an pou ou fè yon foto espesyal ak pitit ou. Apre lekòl, mande l kisa ki te pase. Mande l pou li pale sou règ disiplin lekòl la.	Pale de bagay ki menm nan Jadendanfan ak Klas Matènèl. Pale de bagay ki diferan.	Mande pitit ou pou li pale de nouvo zanmi ak nouvo pwofesè a. Diskite ensètitid epi reyasire pitit ou Jadendanfan an ap yon bèl eksperyans.	Fè plizyè desen epi pale de sa ou renmen pi plis de Jadendanfan an.	Adisyone evènman lekòl la nan kalandriye fanmi lan. Planifye yon ti tan pou fè volontè oubyen fè yon bagay espesyal nan klas pitit ou a.	Fè yon ti soti aswè a, diskite diferans ant nuit ak jou (Kijan bagay yo ye, kisa ou tandè)?
10èm Semèn						
Mande pitit ou pou li pratike mete rad li poukont li, boutonnen, zipe, boukle sentiwon li, mare lasèt soulye li yo.	Ede pitit ou fè plan anndan kay la. Pale de diferan kote nan kay la tankou: (kuizin, chanm akouche, salon, chanm deben, twalèt...)	Jwe yon jwèt senp, pratike suiv règ jwèt la kote chak moun te pran tou pa yo. Pale de lè ou te oblije suiv règ jwèt la epi respekte tou pa ou.	Pèmèt pitit ou ede w ranje kouvè sou tab la. Di li konbyen moun ki pral manje ak konbyen asyèt, fouchèt ak napkin ou bezwen.	Pale de travay pitit ou ka fè. Diskite ki travay li ka fè. Kreye yon kalandriye aktivite pou pitit ou refere li chak jou.	Pale ak pitit ou de nouvo ak ansyen zanmi nan klas Jadendanfan an. Diskite ak pitit ou kisa li renmen de zanmi sa yo.	Fè pitit ou chwazi yon kote espesyal li ta renmen vizite ak fanmi li. Di li kijan li grandi e kijan li espesyal.